Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 5 июнь Рузман № 22 (7953) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Терроризмалде данде

## Терроризм - жамгIияталъе хIинкъи

Дагъал цере районалъул школазда тIоритIана «Терроризм-жамгIияталъе хIинкъи» абурал профилактикиял дарсал. Гьезул аслияб мурад букIана



гIицIго хIинкъигьечIолъиялъул аслиял къагIидаби цIалдохъабазда ракIалде щвезари гуребги, гIун бачIунеб гIел терроризмалъул идеологиялде данде къеркьезе куцай ва гьелдаса цIодорго рукIине гьел ахIи.

Гьанжесеб хIакъикъаталда террористаз рагьун хIинкъи кьоларо жамгIияталъе, гьел хIалтIула сихIирго ва бальго. Гьелъул хIакъалъулъ букIана учительзабаз дарсазда аслияб тIадчIей гьабулеб. Гьез дурусго бичIчIизабуна лъималазда гьезул хIалтIул къагIидаби, бицана гьеб рахъалъ лъималазул ва гIолилазул букIине кколеб цIодорлъиялъул.

Гьединго бицана Интернеталда гьарулел ишазулъ лъималазул жавабчилъиялъул, гьенир цIодорго рукIине ккеялъул ва терроризм ритIухъ гьабун лъолел лайказ, репостаз, комментарияз такъсиралде рачунеблъиялъул.

Цифрабазулаб технологиязул заманалда Интернеталда жаниб цIодорго рукIине ккей гIаммаб хIинкъиялде данде гьабулеб аслияб ярагъ букIин бичIчIарал лъималаз, учительзабазе кьолел рукIана батIи-батIиял суалал, гьезие чIванкъотIарал жавабалги щолел рукIана.

**Расул Расулов**

## Постановление №88

**от 18 мая 2026 г.**

**О реализации на территории муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования**

В целях вовлечения молодежи в процессы местного самоуправления, поддержки молодежных инициатив, решения вопросов местного значения, руководствуясь Федеральным законом от 20.03.2025г. № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти», Законом Республики Дагестан от 03.07.2024г. № 53 «О развитии инициативного бюджетирования в Республике Дагестан», Приказом Министерства по делам молодежи Республики Дагестан от 12.02.2026 № 11-о/д «О проведении отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования в Республике Дагестан», в соответствии с Уставом муниципального района «Цумадинский район» , администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Ежегодно с 2026 года проводить отбор проектов молодежного инициативного бюджетирования на территории муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан.

2. Утвердить Порядок проведения отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования на территории муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан.

3.Утвердить Положение о муниципальной экспертной комиссии по проведению отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования.

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» Магомедова Х.Г.

5.Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети «Интернет»

**Глава муниципального района «Цумадинский район» Ш. Омаров**

## Извещение

**о проведении конкурсного отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования на уровне муниципального образования «Цумадинский район»**

Администрация МР «Цумадинский район» объявляет о проведении конкурсного отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования в соответствии с постановлением главы муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан от 18 мая 2026 г. № 88 «О реализации на территории муниципального образования «Цумадинский район» Республики Дагестан конкурсного отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования».

Организатором конкурса выступает администрация МР «Цумадинский район». Порядок организации и проведения конкурсного отбора, а также условия участия в конкурсе утверждены постановлением главы муниципального района «Цумадинский район от 18 мая 2026 г. № 88 «О реализации на территории муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан конкурсного отбора проектов молодежного инициативного бюджетирования».

Условия участия в конкурсном отборе размещены на платформе «Добро.рф» (ссылка) в разделе (указать раздел сайта и прикрепить ссылку).

Отбор проектов происходит путем голосования в единой информационной системе «Добро.рф» среди представителей молодежи в возрасте от 14 до 35 лет включительно.

**Участники конкурса:**

-инициативные группы, состоящие из граждан Российской Федерации, проживающих на территории муниципального района «Цумадинский район», в возрасте от 14 до 35 лет включительно. Создание инициативной группы подтверждается протоколом собрания.

Дата начала и окончания срока подачи заявок на участие в конкурсе:

-начало конкурсного отбора: 25 мая 2026 года;

-окончание конкурсного отбора: 24 июня 2026 год (включительно).

Контактное лицо: Магомедов М. А., методист по молодежной политике, тел. 89633748233, эл.почта mma1977mma@mail.ru

## Халкъияв бахIарчи



Дагъал церегIан къояз Дагъистаналъул Халкъияв бахIарчиясул цIар кьуна Силди росулъа Якъуб СагIидовасе.

Гьемерав чиясе кумекги гьабурав, СВОялъул гIахьалчагIазул эбел-инсул тIалаб-агъазги гьабулев, спортсменазул цадахъал тадбираздаги гIахьаллъулев лъикIав инсан вуго Якъуб.

Гьудул-гьалмагъзабаз баркулеб буго гьесда тIадегIанаб шапакъат щвей. Гьарула гьесие щулияб сахлъи ва чахIиял бергьенлъаби.

**Гьалмагъзабазул къокъа**

## КIвар кье, лъимал!

21 маялдаса 2 июналде щвезегIан районалда тIобитIана «Лъималазе хIинкъи гьечIел нухал» акциялъул «КIвар кье, лъимал!» абураб нухазда хьвадиялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхараб тадбиралъул кIиабилеб этап. Гьелъул аслияб мурад букIана риидалил каникулал щвелалда цебе лъималазда иргадулаб нухалъги малъи, бичIчIизаби жидерго гIумруялъе ва автотранспорт хьвадиялъе хIинкъи гьечIеб хIалалда нухазда хьвадизе ккеялъул бицин ва бичIчIизаби.



Лъималазда нухазда гIумруялъе хIинкъи гьечIеб хIалалда хьвадизе малъи ккола тарбия кьеялда цадахъго нилъер аслиял масъалабазул цояб. Гьелде кIвар кьолеб бугеб хIукуматалъги. Ясли-ахазда гьеб малъиги буго программаялъул цо бутIа. Гьениблъидал лъимер ругьунлъулеб лъикIаб-квешаб батIа бахъизеги, нухазда хьвадиялъул низамалдеги, гьелъул правилабаздеги. Дагьал тIоритIуларо гьенир гьитIичазе гIумруялъе хIинкъи гьечIедухъ нухазда хьвадиялъул бицарал ва бихьизабулел тадбиралги жалго ахалъулазул гIахьаллъигун. ГьитIинго лъараб жо ганчIида бикIкIараб накъищилан абулелъулха, гьитIичазги гьеб ракIалда чIезабула, хасго жидерго гIахьаллъигун гьабураб.

«КIвар кье, лъимал!» тадбиралда хурхун полициялъул райотделалъул ГИБДД-ялъул хIалтIухъаби щвана районалъул росабазул школаздегун ахазде, тIоритIана гьенир цIалдохъабигун ва гьитIичалгун гара-чIвариял, батIи-батIиял хIаял. Гьединго гьез хал гьабуна школаздагун ахазда сверухъ ругел ва гьенире щвезегIан лъимал рачIунел нухазул хIал.

Инхокъвари росдал лъималазул ахалдаги тIобитIана «Лъималазе хIинкъи гьечIел нухал» тадбир. КигIанха гьитIичаз хIаракат бахъараб тарбиячагIаз жидеда малъарабщинаб гъалатI бичIчIачIого бицинеги, бихьизабизеги. ГIадатиял нухлулалги, ГАИялъул инспекторалги, «нухлул низам хвезабун», тамихIалде цIаралги-батIи-батIиял ролал рукIана гьез хIалел. ТIоритIана нухазда хьвадиялъул къагIидабазда тIасан тематикиял «Нухда, транспорталда, къотIноб хьвада-чIвадиялъул къагIидаби», «Балагь ккечIого букIине», «КъватIалда хIинкъи гьечIолъи» абурал гара-чIвариял ва «Нилъер гьудулзаби - нухлул гIаламатал» абураб викторина.

Тадбир ана гьитIичалги чIахIиялги разияб хIалалда рохалил асарги гьезул ракIазулъ тун.

**ГIайшат МухIамадова,** Инхокъвари росу

Лъимал цIуниялъул къо

# ТалихIаб лъимерлъи-нилъер лъималазе



Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къоялда хурхун рохалилал тадбирал тIоритIана районалъул лъайкьеялъул идарабазда. Гьедин, Агъвали №1 ва №2 лъималазул ахазда тIоритIана байрамалъул церерахъинал. ГьитIичаз иргадулаб нухалъги бихьизабуна жидерго артистлъи, кьурдикечIалъе бугеб махщел-гьунар, жидерго тарбиячагIазул нухмалъиялда гъоркь лъималазул ахалда тIамулеб замана гIадада биччалеб гьечIолъи, щибаб къойил цо-цо цIияб жо жидецаги лъазабулеб букIин.




Цо хасаб чIаголъи букIана араб анкьалъ гьениб. Ихдалил бакъул чIораз гвангъизарурал къоялго гIадин, гвангъарал гьурмазда кунчIарал гьайбатал гьимиял гIадин, байбихьана кьурди-кочIол бакъназда гъоркь гор-свери гьабун рачIарал гьитIичаз, батIибатIиял хъвай-хъвагIаял гьарурал понцIераби зодире риччаялдаса байрамалъул церерахъинал. Ахазда сверухъ бакIалги роржунел кьеркьерал понцIерабаз цIун букIана, ахалъул азбаралги маргъабазулъ рукIунел гьундул- шагьаралде сверун рукIана.

Байрам рагьана, гьитIичаздагун хIалтIухъабазда ва улбузда байрам баркарал кIалъаялги гьарун, ахазул нухмалъулел Узлипат МухIамадовалъгун Хадижат ХIасановалъ. Щибаб тадбир тIобитIулаго жидее гьабулеб кумекалъулги бицун, умумузе баркала загьир гьабуна гьез, щиб суал дандбаниги, хIалае рахъулинги абун.



Умумузул рахъалдаса кIалъарай Айкат ГIабдулкеримовалъги баркала загьир гьабуна ахалъулазе, бицана жийгоги №1 ахада «гIурай» яс йикIиналъул, жиндир лъималги гьенирего хьвадиялъул, ахалъулазул кIвахI тараб хIалтIул хIасил лъималазул церерахъинал ва гьезул тарбиягун лъай букIиналъул. ГьитIичазги цIалана ва ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби, рахъана суратал. Бихьизе анищха гьез бахъулеб букIараб хIаракат жидерго махщел гьалбадерие загьир гьабизе. Гьалбалги дагьал рукIинчIелъул гьенир. Улбулгун умумузда цадахъ гьитIичазда байрам баркизе, жал кидаго чIахIиязул бербалагьиялда, гьезул хинаб кваркьиялда гъоркь рукIин бичIчIизабизе ва сайгъатаздалъун гьитIичал кIодо гьаризе гьенире щвана халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул, райбольницаялъул, лъайкьеялъул управлениялъул ва цогидалги идарабазул хIалтIухъаби.




«Районалда кIвар кьолеб буго нилъер лъималазул цIали-лъаялде гуребги, гьезие хIухьбахъиялъе ва церетIеялъе шартIал гIуцIиялдеги. ЧIахIиязул хIаракат буссинабураб буго нилъер хадусел гIелал, нилъер лъимал-нилъер букIинесеб нилъедасанги талихIаблъун гIеялде, ракълилаб зобалда гъоркь гIумру гьез гьабиялде. Лъимал нилъер аслияб бечелъи кколелъулха. Ниж, чIахIияз, рагIи кьола хаду-хадубги нужер, гьитIичазул, талихIаб гIумру букIиналде божилъи щула гьабизе, нужеда нижер мугъчIвай букIин кидаго бичIчIиялда ва бихьиялда кIвар кьезе»,-ян абуна ЦСОНалъул нухмалъулев Заурбег ЖахIпаровас баркиялъул кIалъай гьабураб жиндирго цевевахъиналда.

Кидаго гIадин, тIадегIанаб даражаялда тIоритIарал тадбиразе ахир лъуна цадахъал суратал рахъиялдалъун, спонсоразул рахъалдаса гьитIичазе сайгъатал кьеялдалъун ва киналго гор-сверуялде руссун, цоцазе лъикIабщинал гьара-рахьиялги гьарун, чай гьекъеялдалъун.

**P.S.** Гьединалго тадбирал тIоритIана ТIадгьакваpи ва ТIисси-Ахикь росабазул ахаздаги.

**Хадижат Залимханова**

Конкурс

# Агъвали гимназиялъулазул иргадулаб бергьенлъи

30 маялда МахIачхъалаялда «Альтаир» гьунар цебетIезабиялъул централда тIобитIана «РакIалдещвеязул къватI» абураб республикаялъулаб конкурсалъул этап. Гьенир данделъана кучIдул цIализе, ахIизе ва кьурдизе махщел бугел лъимал. Конкурс тIобитIана Дагъистаналъул пачалихъияб халкъияб магIишаталъул университеталда ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул квербакъиялдалъун «Альтаир» централъул директциялъ.




Гьеб тIобитIана лъималазулъ ва гIолилазулъ эстетикияб лахIзат куцаялъул ва гьеб цебетIезабиялъул, нилъер культураялъул ва пачалихъияб гIуцIиялъул, гьединго тарихиябгун маданияб нахърателалъул кьучIал хIисабалда поэзия ва культура цIуниялъе квербакъи гьабиялъул ва халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щула гьабиялъул мурадалда.

Къецал тIоритIана лъабго этапалда, гьенир гIахьаллъана 8-17 сонил ригьалъул лъимал ва гIолилал.Заочнияб этапалде гIахьаллъизе бокьаразул азаргоялдаса цIикIкIун заявкабаз бицунеб букIана творческиял къокъабазул тарихияб ракIалдещвей цIунизе лъималазул бугеб кIудияб гьира.

Гьезул очнияб этапалда гIахьаллъарал республикаялъул къого районалъул лъималазда гьоркьоб лъабабилеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул кIиабилеб классалъул цIалдохъабаз бетIералда учительница Марьям ГIумаровагун.

Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна рекъон кколел даражабазул грамотабаздалъун ва ракIалдещвеялъе сайгъатаздалъун.

**МухIамад ГIумаров**

Лъайкьей

# ОГЭялгун ЕГЭял байбихьана

Нахъе хутIана 9 ва 11 соналъ цIаларал дарсалги, лъурал къиматалги, хъварал диктанталгун ВПРалги, ай, школалъул гIумру. Сон-церекъад кIодо гьаруна районалъул школазда «Ахирисеб цIурмил» байрамал. Сонисел цIалдохъабазда цебе гьанже буго балугълъиялъул гIумруялде галаби чIвалеб аслияб нух. Сухъмахъищ гьеб бугеб, яги шагьрайищ букIинеб-бихьизабила гIумруялъ, цевехун унеслъидалха нух нахъа толеб, борхалъаби квегъулел. ГьабсагIат выпускниказул аслияб кIвар буссараб суал буго ОГЭ ва ЕГЭ. Гьел байбихьана тIоцебесеб июналда ва халатрахъизе руго ичIабилеб июлалде щвезегIан. Аслияб болжал буго 1-19 июнь, цо-цо гIиллабазда бан, рачIинчIого хутIараз кьезе руго 22-25 июналъ ва 8-9 июлалъ.

Киса-кибего гIадин, нилъер выпускниказги байбихьана 9 ва 11 класс лъугIиялъул пачалихъиял экзаменал кьей. Гьедин, тIоцебесеб июналда мадугьалихъ бугеб Болъихъ районалъул АнсалтIа росулъ тарихалъул, гIурус адабияталъул ва химиялъул ЕГЭ кьуна районалдаса къого выпускникас.

Агъвали гимназиялда кIиабилеб июналда лъабнусиялда анкьго выпускникас математикаялъул ОГЭ ва ункъабилеб июналда лъабкъоялда анцIила цо выпускникас гIурус мацIалъул ЕГЭ кьуна.

Гьеб жавабчилъи цIикIкIараб заманалда хIинкъа-къай букIуна цIалдохъабазулгун мугIалимзабазул ва умумузул ракIазулъ женжедулеб. Гьеб гуро хIинкъизе ккараб хIужа, гьеб буго нужер, школа тун къватIире унезул, гIумрудулъ цо-цоязул тIоцебесеб, цогидазулкIиабилеб экзамен. Гьединлъидал гьарула нужее сабруялда, щибго хIинкъи-къаялъул асар рекIелъе биччачIого, араб материалгун дарсалги такрар гьарун, лъикIаб хIадурлъиги гьабун, лъикIал къиматазда экзаменалги кьун, анищал тIурай. Гьеб буго нужер букIинеселде, нужеца тIаса бищараб махщалиде, нужер анищалде, техникумаздагун институтазда тIамизесеб гIумруялде тIамулел галабазул тIоцебесеб болъо, хIокI. Экзаменазул хIасилаз рохизареги нуж ва щваги мурадалде!

**Хадижат Залимханова**

Наши знатные земляки

# Талантов надо знать в лицо

Неоднократно я уже писал о том, как богата талантами наша земля. Один из них, яркий представитель дагестанского народа, наш земляк – Магомедов Али Алиевич, уроженец села Гигатли, народный художник Дагестана, заслуженный художник России, член Союза художников России, заслуженный деятель искусств Дагестана, лауреат Государственной премии Дагестана.



Даже на камнях растут цветы, это изречение подтверждается жизненным путем Али Алиевича, родившись в высокогорном селе, среди скал и суровых условий, он упорно шел к своей цели, показав своим примером, что в этой жизни все достижимо, надо только любить свое дело и много и упорно трудиться, не бояться неудач, ибо если нет падений нет и подъемов.

Али Магомедов известен по всему миру, 3 июня 2011 года в Швейцарии, в штаб-квартире международной федерации объединённых стилей борьбы (FILA), открыли Аллею Славы выдающихся спортсменов мира, где среди прочих скульптур была работа Али Магомедова. Это была скульптура пятикратного чемпиона мира по вольной борьбе Али Зурканаевича Алиева. И много других его работ было высоко оценено мировым сообществом.

Еще в те далекие советские времена наш земляк Али Алиевич, будучи совсем молодым, уже получил высокую оценку за свою работу, в 1975 году в Ростове-на-Дону на выставке молодых художников Юга России его авторская работа «Будни аула» была высоко отмечена Союзом художников СССР.

Но больше всего своей души и труда он вложил в родной Дагестан. Следуя традициям своего народа Али Алиевич передает знания и навыки сыновьям, которые сегодня уже наравне с отцом участвуют во всех его проектах. Один из таких совместных проектов Магомедовых является мемориальный комплекс «Белые журавли» в селе Цада Хунзахского района, созданный по мотивам песни «Журавли» на стихи Расула Гамзатова, посвященный подвигу народов Дагестана - защитникам Родины в Великую Отечественную войну 1941-1945 годов. Автором мемориального комплекса является Магомедов Али Алиевич.

«Мне кажется порою, что солдаты,
С кровавых не пришедшие полей,
Не в землю нашу полегли когда-то,
А превратились в белых журавлей…»

Именно эти строки приходят на ум и щемит сердце, когда находишься у мемориального комплекса «Белые Журавли» в селении Цада. Этот величественный монументальный комплекс создан благодаря коллективу талантливых профессионалов своего дела: художников-монументалистов, скульпторов, архитекторов, конструкторов, проектировщиков и строителей.

Величие комплексу придает уходящий в высь журавлиный клин, обрамляющий словно драгоценные камни двадцати семи метровую железобетонную стелу.

И этот монументальный памятник, несущий память о подвиге в века, появился благодаря нашему земляку - Магомедову Али Алиевичу и его сыновьям.

Указом Главы Республики Дагестан от 23 июля 2025 года № 120 были присуждены Государственные премии в области искусства и архитектуры за 2023 год - Магомедову Али Алиевичу, Магомедову Магомеду Алиевичу, Магомедову Тимуру Алиевичу, Магомедову Шамилю Алиевичу за мемориальный комплекс «Белые журавли» в с. Цада Хунзахского района. Этот проект также был номинирован на премию министерства обороны Российской Федерации в области культуры и искусства. Магомедов Али Алиевич вместе с сыновьями был приглашен на торжественную церемонию награждения лауреатов премии МО РФ в области культуры и искусства, были награждены ценными подарками и дипломами.

15 апреля 2026 года за успехи в творчестве и содействие в развитии изобразительного искусства России Али Алиевич был награжден золотой медалью «Духовность. Традиции.Мастерство» Союза художников России.

Нельзя оставлять незамеченным факт создания таких проектов, необходимо обязательно сказать слова благодарности людям, их реализующим.

Поэтому сегодня мы говорим слова благодарности нашему земляку Магомедову Али Алиевичу за неустанную творческую работу, за создание монументальных памятников, сохраняющих память в веках, за создание культурного наследия нашей большой и малой Родины, за отличное воспитание сыновей - продолжателей творческой династии.

**Магомед Меджидов**

28 май- гІорхъи цІунулесул Къо

# ГІорхъаби цІунулезухъ гьоболлъухъ

28 маялда гІорхъаби цІунулезул къо кІодо гьабуна Гьакъо ва Метрада ругел заставабазда. Пограничниказда гІурхъи цІунулесул къо баркизе гьенире щвана райадминистрациялъул вакилзаби бетІерялда районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель Халилула МухІамадовгун.

Гьединго гІорхъаби цІунулезда байрам баркизе рачІун рукІана Хушет росдал администрациялъул бетІер ТІайгиб ТІайгибов ва Метрада школалъул директор Шамил ГІабдусаламов.

Гьакъо заставаялда ругезда байрам баркун гьалбал рачІиналде, Метрада заставалда къалъул гІужалъ къалъ-къалъун букІана байрахъазги бачунеб музыкаялъги. ВатІаналде бугеб рокьи, гьеб цІуни кІвар бугеб ишлъун кколебльи бицун тадбир рагьана погранзаставаялъул командирас. Гьезда байрам баркун кІалъазе рахъана Халилула МухІамадов, ТІайгиб ТІайгибов ва цогидалги.

БатІияб чІаголъи бижизабуна районалъул культураялъул управлениялъул коллективалъ.

Райадминистрациялъул рахъалъан пограничниказе гьаруна сайгъатал ва кьуна баркалаялъул кагътал.

Дандеялъиялъул ахиралда заставаялъул начальникас жидер къиматги гьабун байрам баркизе рачІаралъухъ райадминистрациялъул вакилзабазе ва гьалбадерие кІудияб баркала загьир гьабуна, ва гІуцІана гьезие тепси.

РакІ рагьарал кІалъаяздаса хадуб, къо-мехги лъикІ гьабун, аскарияз гьалбал нухде регІана.

**ГІабдусалам МухІамадов**

Разъясняет специалист

# О вреде курения

Курение - одна из самых значительных угроз здоровью человека.

По данным Всемирной организация здравоохранения ежегодно табак приводит почти к 7 миллионам случаев смерти, из которых более 6 миллионов случаев происходит среди потребителей и бывших потребителей табака, и более 890 000 - среди некурящих людей, подвергающихся воздействию вторичного табачного дыма. Если не будут приняты срочные меры, число ежегодных случаев смерти к 2030 году может превысить 8 миллионов.

Курение табака приводит к зависимости. У курильщиков достаточно быстро формируется привыкание к никотину, содержащемуся в табачных листьях, что обуславливает сильную потребность закурить снова и снова. Когда человек пытается бросить курить, у него или нее могут быть симптомы отмены, среди которых: раздражительность, снижение концентрации, внимания, проблемы со сном, повышенный аппетит,мощная тяга к табаку.

Помимо никотина в табачном дыму обнаруживается ряд других опасных химических веществ, таких как смолы, радиоактивный полоний, мышьяк, свинец, висмут, аммиак, органические кислоты. Случаев острого отравления этими веществами практически не наблюдается в связи с тем, что в организм они поступают медленно, дозированно, однако эти вещества приводят к постепенному ухудшению здоровья.

Многие курильщики считают, что курение сигареты с фильтром безопасно, но это не так. Если бы поглотители и фильтры обеспечивали полную защиту от вредных веществ, то они бы поглощали и сам никотин, в таком случае эффект от курения не ощущался бы. Курильщики легких сигарет также считают, что курение легких сигарет оказывает минимальное воздействие на организм.

Вред, наносимый курением любых сигарет одинаков для всех курильщиков. Помимо самого курильщика страдают и те, кто находится вокруг – так называемые пассивные курильщики. Длительное курение приводит к заболеваниям различных органов и систем.

Курение увеличивает риск смерти от рака и других заболеваний у онкологических больных и здоровых людей. Оно может стать причиной онкологического процесса в любом органе :мочевой пузырь,кровь(острый миелоидный лейкоз), шейка матки, кишечник, пищевод, почки и мочеточники, гортань, печень, ротовая полость (горло, язык, мягкое небо и миндалины), поджелудочная железа, желудок, трахея, бронхи и легкие. Курение также наносит вред сердцу и кровообращению, увеличивает риск развития ишемической болезни сердца, инсульта, заболевания периферических сосудов (поврежденные кровеносные сосуды) и цереброваскулярных заболеваний (поврежденные артерии, которые снабжают мозг кровью). Окись углерода из дыма и никотина увеличивают нагрузку на сердце, заставляя его работать быстрее. Они также увеличивают риск возникновения тромбов.

Фактически, курение удваивает риск сердечного приступа, стенокардии. Курящие люди имеют двойной риск смерти от ишемической болезни сердца, чем некурящие.

Спустя год после отказа от курения - риск развития сердечно - сосудистых заболеваний уменьшается вдвое, через 15 лет риск аналогичен риску того, кто никогда не курил. У курящих людей увеличивается риск развития язвы, а также рака желудка. Курение может вызывать рефлюкс – заброс желудочного содержимого, в таком случае кислота из желудка может двигаться в обратную сторону – в пищевод.

Курение является важным фактором риска развития рака почки, и чем больше стаж курения, тем выше риск. Исследования показали, что если регулярно выкуривать 10 сигарет в день, то в полтора раза чаще развивается рак почек по сравнению с не курящими. Если человек выкуривает 20 или более сигарет в день – риск увеличивается вдвое.

Курение вызывает преждевременное старение кожи на 10-20 лет. Отказ от курения предотвращает дальнейшее ухудшение состояние кожи, вызванное курением. Курение может привести к снижению костной массы и повышению хрупкости костей. Женщины должны быть особенно осторожны, поскольку они чаще страдают от развития остеопороза, чем некурящие.

Курение повышает риск развития инсульта на 50%, что может привести к повреждению мозга и смерти, а также увеличивает риск развития аневризмы сосудов мозга. Это выбухание кровеносного сосуда, вызванное слабостью его стенки. Такое состояние может привести к субарахноидальному кровоизлиянию, которое является одним из типов инсульта, и может вызвать обширное повреждение головного мозга и смерть.

В течение двух лет после прекращения курения риск развития инсульта уменьшится вдвое, и в течение пяти лет он будет таким же, как у некурящих.

Курение может привести к смертельным заболеваниям, таким как пневмония, эмфизема и рак легких.

Самым серьезным последствием курения для органов ротовой полости - это риск развития рака губ, языка, горла, гортани и пищевода. Более 93% орофарингеальных раков (рак в горле) вызваны курением.

Кроме того, последствием курения может стать неприятный запах изо рта, изменение цвета эмали зубов, воспалительные заболевания десен и нарушение вкусовых ощущений.

Курение может вызвать импотенцию у мужчин, поскольку оно повреждает кровеносные сосуды, которые снабжают кровью половые органы. Это также может оказать влияние на качество семенной жидкости, уменьшить количество сперматозоидов, что приведет к бесплодию.

Курение у женщин увеличивает риск развития бесплодия, а также развития рака шейки матки.

Курение во время беременности имеет целый ряд рисков: преждевременные роды, выкидыш, мертворождение, низкий вес при рождении, синдром внезапной детской смерти, детские болезни.

Как только вы прекратите курить, ваше здоровье улучшится, и ваш организм начнет восстанавливаться.

Знайте! Курение сокращает жизнь мужчины примерно на 12 лет и жизнь женщины примерно на 11 лет.

Каждая сигарета, которую вы курите, вредна!

**Магомед Магомедов,** терапевт

## Колонка прокурора

# В Гражданский кодекс РФ введена норма о компенсации за нарушение исключительного права

Вступившим в силу 04.01.2026г. Федеральным законом от 07.07.2025 № 214- ФЗ в Гражданский кодекс Российской Федерации введена ст. 1252.1 (Компенсация за нарушение исключительного права), которая предусматривает, что в случаях, предусмотренных для отдельных видов результатов интеллектуальной деятельности или средств индивидуализации (авторские, патентные права, права на товарные знаки, географические указания и др.), при нарушении исключительного права, а также совершении действий, способствовавших такому нарушению, правообладатель вправе вместо возмещения убытков требовать от нарушителя выплаты компенсации.

Компенсация может быть исчислена в твердом размере, в размере, кратном стоимости контрафактных материальных носителей или в размере стоимости права использования результата интеллектуальной деятельности или средства индивидуализации.

Если нарушенное право принадлежит нескольким правообладателям, с требованием о взыскании компенсации может обратиться любой из правообладателей или несколько из них, при этом компенсация подлежит передаче правообладателям в равных долях.

Если нарушение совершено при осуществлении предпринимательской деятельности лицом, которое не знало и не должно было знать, что допускает нарушение, суд может определить размер компенсации в твердом размере в пределах от 10 до 500 тыс. руб. или в пределах от однократной до двукратной стоимости контрафактных материальных носителей либо права использования результата интеллектуального права или средства индивидуализации.

При совершении несколькими лицами самостоятельных нарушений с использованием одних и тех же носителей, суд может взыскать компенсацию солидарно при условии, если привлечение этих лиц к ответственности по отдельности привело бы к неосновательному обогащению правообладателя.

* * *

# Актуализированы Правила обеспечения инвалидов техническими средствами реабилитации

С 1 марта 2026 г. вступило в силу Постановление Правительства РФ от 07.02.2026 № 102 «Об утверждении требований к обеспечению для инвалидов по зрению доступности информации о деятельности государственных органов и органов местного самоуправления, содержащейся на официальных сайтах государственных органов, органов местного самоуправления и подведомственных им организаций в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Теперь, сайты указанных органов власти должны соответствовать следующим требованиям:

- текстовая информация масштабируется не менее чем на 200 процентов исходного масштаба интернет-страницы без применения вспомогательных технологий, потери функциональности и появления горизонтальной полосы прокрутки;
- информация, размещаемая на официальных сайтах, должна быть беспрепятственно доступна при помощи клавиатуры, ограничения по времени нажатия клавиш которой отсутствуют;
- документы, представленные на официальных сайтах, доступны для чтения при помощи вспомогательных технологий, включая программы экранного доступа, и размечены в соответствии с положениями ГОСТ Р 70176-2022 или на официальных сайтах представлены альтернативные версии таких документов, доступные для чтения при помощи вспомогательных технологий, включая программы экранного доступа;
- заголовки страниц официальных сайтов описывают их тему или цель;
- если на официальных сайтах размещается движущаяся, мигающая или автоматически обновляющаяся информация, пользователю должны быть доступны средства управления - возможность приостановить, остановить, скрыть или изменить частоту ее обновления;
- контент не должен содержать мигающих элементов, которые могут вызвать дискомфорт.
- анимация загрузки допускается, если она необходима для того, чтобы пользователь понимал, что процесс продолжается;
- текстовая информация должна представляться с использованием читаемого шрифта без декоративных элементов, обеспечивающего достаточную контрастность и различимость символов.

**А.Гасанов,** помощник Ботлихского межрайонного прокурора

## Спорт

# Иргадулаб бергьенлъи



21-23 маялда Сочиялда тIобитIана ММАялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат ва первенство. Гьенир данделъарал улкаялъул бищунго къуватал речIчIухъабазда гьоркьов вукIана гIолохъанав, амма цевегоялдасаго нахъе машгьурав гIолохъанав къеркьохъан, нилъер ракьцояв КIванадаса Халил ПирмухIамадов.

Халилил цIайиялда (77кг.) чемпионасул цIаралъе гIоло къеркьолев вукIана 14 спортсмен. ТIоцересел дандчIваяздаго Халилица бихьизабуна лъикIаб гугари гуребги, спорталъул лъикIаб хасиятги. Ункъабго хIалуцараб къеркьеялда ракIчIараб бергьенлъиги босун, нилъер ракьцояв вахъана Россиялъул чемпионлъун.

Гьеб ккола Халил ПирмухIамадовасул персоналияб бергьенлъи гуребги, цIумадисезулгун дагъистаниязул чIухIи.

Баркула Халилида гвангъараб бергьенлъи. Гьарула гьесие цIиял бергьенлъаби ва щулияб сахлъи.

**Берцинай КъурамухIамадова**

# Призёрлъун вахъана



Дагьаб цебе Болгариялъул Самоков шагьаралда эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U-15 ) тIобитIараб Европаялъул первенствоялда 85 кг. цIайиялда гIарцулав призёрлъун вахъана ТIиндиса Ибрагьим МухIамадов.

Баркула ракьцоясда бергьенлъи, гьарула щулияб сахлъи ва хадувккун пьедесталалъул тIогьиве вахин.

**Шамил Бадрудинов**

# Футбольная лига «Цумада»

## Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | "AMANAT" Эчеда | 5 | 5 | 0 | 0 | 23-8 | 15 | 15 |
| 2 | Маштихи | 5 | 4 | 0 | 1 | 31-15 | 16 | 12 |
| 3 | Кочали | 5 | 4 | 0 | 1 | 19-14 | 5 | 12 |
| 4 | Гигатли-Урух | 5 | 3 | 1 | 1 | 20-11 | 9 | 10 |
| 5 | Дагкомп Цумада | 5 | 2 | 2 | 1 | 12-8 | 4 | 8 |
| 6 | Гадири | 5 | 2 | 2 | 1 | 21-10 | 11 | 8 |
| 7 | Эгдада | 5 | 2 | 2 | 1 | 14-17 | -3 | 8 |
| 8 | Верхнее Гаквари | 5 | 2 | 1 | 2 | 16-12 | 4 | 7 |
| 9 | Нижнее Гаквари | 5 | 2 | 0 | 3 | 19-24 | -5 | 6 |
| 10 | Эчеда | 5 | 2 | 0 | 3 | 12-17 | -5 | 6 |
| 11 | Тинди-Аща | 5 | 1 | 0 | 4 | 19-22 | -3 | 3 |
| 12 | Гачитли | 5 | 1 | 0 | 4 | 9-29 | -20 | 3 |
| 13 | Хуштада | 5 | 1 | 0 | 4 | 15-26 | -11 | 3 |
| 14 | Кеди | 5 | 0 | 0 | 5 | 9-26 | -17 | 0 |

## Результаты

30 мая 2026, суббота. 5 Тур

| | | |
|---|---|---|
| Кеди | 3 : 9 | Гадири |
| Дагкомп Цумада | 6 : 2 | Гачитли |
| Маштихи | 7 : 2 | Хуштада |
| Эчеда | 1 : 6 | "AMANAT" Эчеда |
| Эгдада | 1 : 6 | Верхнее Гаквари |
| Гигатли-Урух | 6 : 4 | Тинди-Аща |
| Нижнее Гаквари | 1 : 5 | Кочали |

## Расписание матчей

6 июня 2026, суббота. 6 Тур

| | | |
|---|---|---|
| Кеди | 14:00 | Верхнее Гаквари |
| Эчеда | 15:00 | Гачитли |
| "AMANAT" Эчеда | 16:00 | Нижнее Гаквари |
| Эгдада | 17:00 | Кочали |
| Хуштада | 18:00 | Дагкомп Цумада |
| Тинди-Аща | 19:00 | Маштихи |
| Гигатли-Урух | 20:00 | Гадири |

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз кIудияб пашманлъиялда зигара балеб буго МухIамадов МухIамад ГIалиевичасда гьесул вац

**Арсен**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, гIагарлъиялъе сабру кьеги.

Райбольницаялъул хIалтIухъабаз кIудияб пашманлъиялда зигара балеб буго Муслимат МухIамадовалда гьелъул вац

**Арсен**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе иманияб сабру кьеги.

Районалда бугеб ракьлилаб судалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Мадинат МухIамадовалда гьелъул вац

**Арсен**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагь гурхIун, иманалда тIовитIун ватаги гьев. Хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе иманияб сабру кьеги.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЩIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1003
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.